ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№121 (22.279) ● 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 29, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adygheya@mail.ru adygnalr.ru

● Дыгъуасэ

Италием и лIыкIуэу Урысейм щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылэжьэну щIохъуэпс

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Хъанокъуэ Арсен КъБР-м и Правительствэм и Унэм щIыпIащ Италие Республикэм и полномочнэ лIыкIуэу Урысейм щыIэ Дзанарди Ланди Антонио зи пащэ делегацэм хэтхэм. КъБР-м къэкIуначIэм яхэтщ дипломатическэ Iуэхущ1апIэхэм я Iэтащхьэхэр, апхуэдэу Италием щыщ компаниехэм я Iуэхухэр Урысейм щыдэгъэкIыным пыщIа ведомствэхэм я лIыкIуэхэр, ди лэжьэгъу къэралым и предприятэ зыбжанэм я Iэтащхьэхэр.

ПЩЭДДЖЫЖЬЫМ щегъэжьауэ хьэщIэхэр Бахъсэн районым кIуащ ищIи Италием кыщащэхуа технологиехэм япхъитклI зэрахьэ жыг хадэхэмрэ питомникхэмрэ, помидорхэр щагъэкI теплицэм епльащ. А псори ягу зэрырихьар абыхэм зэIущIэм къыщаIуэтэжащ. Делегацэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м кыщагъэсабэп технологиехэр дуней псом щыпэрытхэм зэращыщыр.

Къаногъуэ Арсен къыщыпсалъэм жиIащ лъэныкъуитIым я хьэрычэт IэнатIэхэр зэрызэдэлажьэм зегъэубгъуэным хуэунэтIауэ куэд зэрызэфIагъэкIар. «Дэ дыщогуфIыкIыж иджыпрей технологиехэр къэдгъэсэбэпу зэрыщIэддзам. Ди гъэнэтлъхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуа ныжь, ди жыг хадэхэмрэ жьзым хадэхэмрэ щалъагъуэкIя къыдохъуапсэ. Ди щIыналъэр Европэм, хэхауэ къапщтэмэ, Швейцарием, Германием е Италием ещхь хъуэу хуежьащ», - и гуапэу къыхигъэщхьэхуакIащ республикэм и Iэтащхьэм. Апхуэдэу абы жиIащ мэкъумэш хозяйствэм и IэнатIэм и мызакъуэу, лъэныкъуитIыр туризмым, рекреацэм, промышленностым я IэнатIэхэми щызэдэлажьэну зэрыщигугъыр: «Дэ а IэнатIэхэми, псалъэм папщIэ, промышленность псынщIэм, ди технологиехэр къыщыдгъэсэбэпыну дыхуейщ».

Къаногъуэ Арсен къызэриIуатIэмкIэ, дуней псом кыщыхьеи финанс гугъуехьхэм къарикIуахэр уигу кхъбгъэкIыжмэ, нэгъуэщI къэралхэм щыщ инвесторхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, зэрыщыту Илщэ щIыналъэми щылажьэнымкIэ Iэмал хъарзынэхэр зэтеуваща: «Шинатъэ гуэрхэр пылъми, ахъшэр Урысейм икъучIэ фейдэ пылъу кыщыбгъэсэбэпын папщIэ Iэмал инхэр щыIэщ. Сэ Италием сыщыщу щытамэ, си ахъшэм щыщ Iыхьэр мыбы щызгъэлэжьэнт. Абы и лъэныкъуэкIэ хэхауэ Урысей Илщэр сыт щIэнэхъыфIыр? Псом янэу, дунейм и щытыкIэр мэкъумэш IэнатIэм зегъужьным къозэгъ икIи мыбы фейдэшхуэ къыщыпхуэзэжынущ».

Ланди Антонио гушыIэуэрэ жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэну къэIэпхъуэн папщIэ, пенсэм нэхъ пасэу кIуэнкIэ зэрыхьунур. Абы Къаногъуэ Арсен фIыщIэ къыхуищIащ Италием щыщ хъарычэт лэжьакIуэхэр гуапэу къыхэзыригъэблэгъэм папщIэ икIи къыхигъэщхьэхукIащ лъэныкъунтIым я зэдэлажьэныгъэм зэрызиужьымкIэ фIыщIэр Италием и генеральнэ консулу Ищщэ федеральнэ округымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округымрэ щыIэ Лодиджиани Пьер-Паоло зэрыбгъэдэлъыр: «Ар фи щIыналъэм фIыуэ щыгъуазэщ икIи Кавказ Ищхъэрэм щытепсэлъыхькIэ, уеблэмэ и макъым зехьуэж». Дипломатым кыызэриIуатэмкIэ, Италием щыщ щIыхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIа ухуэныгъэхэр лъэныкъуитIым я хьэрычэт лэжьакIуэхэр быдэу зэпыщIа хъуным и лъабжьэу уващ.

Къаногъуэ Арсен къыхилъхьащ Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэри зыхэт мэкъумэш выставкэ зэщIыгъуу кызэрагъэпэщыну. Республикэм и Iэтащхьэм къызэриIуатэмкIэ, ар сэбэпышхуэ хъунущ иджырей технологиехэр пхыгъэкIыныжмкIэ. ХъэщIэхэми Италием и компаниехэм я иджырей технологиехэр щэнымкIэ ар зэрысэбэпыр къыхагъэщащ.

ЗэIущIэм и ужькIэ Къаногъуэ Арсен, Ланди Антонио сымэ журналистхэр зыщIэупщIахэм жэуапхэр иратащ. ЛъэныкъуитIыр зэрызэдэлажьэм и гугъу щищIым, КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхуакIащ республикэмрэ Италием рэ я хъэрычэтыщIэхэр псом хуэмыдэу мэкъумэш IуэхухэмкIэ нэхъ быдэу зэрызэпыщIар икIи абы кърикIуэхэр щыкIыпсту щыщIэдзауэ куэдкIэ узыщыгугъ хъуну зэрыщытыр.

Къаногъуэ Арсен апхуэдэу кыигъэлъэгъуащ лъэныкъуитIыр адэкIэ зэрызэдэлажьэнум хуэгъэзауэ ябзыхуахэр агропромышленнэ комплексым щIегъэхуэбжьауэ зегъэуэжьынымрэ абы къэрал дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ КъБР-м иджыблагъэ къыщащта Концепцэм зэрезегъыр. А Концепцэм къыдэрыщыгъэлъэгъуаемкIэ, лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр хуаунэтIынущ пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI зэрызэрахьэм зегъэужьыным, гъэшу, лыуэ къалэжьым хагъэхъуэным. А IэнатIэ дыдэхэм зэхуэгъэзащ Италиемрэ КъБР-мрэ я зэдэлажьэныгъэри. КъБР-м и Iэтащхьэм къызэриIуатэмкIэ, и мыхьэнэр зыкIи нэхъ мащIэкъым хьэрычэт IэнатIэ мынэхэмрэ курытхэмрэ зегъэужьным, абы къуажэдэхэр зэхъуэжьлIэным. ИтIанэ цIыхухэм зыхэпсэукIын ягъуэтынущ, дэтхэнэ хьапсэри лэжьапIэ IэнатIэ хъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэхауэ лэжьэгъу щIахуэхъуам и щхьэусыгъуэу Ланди Антонио кIыхьащ «генеральнэ консулыр хуэбжьу зэрызыжьдэкIыр», абы къэныкъуитIым я хъэрычэтыщIэхэр зэпыщIэным къаруушхуэ зэрыригъэлIар. Иджы делегацэм хэту къэкIуащ япэкIэ Кавказ Ищхъэрэм и хъэрычэтыщIэхэм ядэлажьэу щымытэ бизнесменхэри. «Абыхэм фи лэжьэкIэр зэрызэпхъуэн, Италием щыщ хъэрычэтыщIэхэри Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщылажьэм щыгъуазэ защIыну Iэмал ягъуэтащ. Си гугъэмкIэ, абыхэмри къагурыIащ фи дежь ущылэжьэну зэрыфейдэр», - къыхигъэщхьэхуакIащ Италием и лIыкIуэм.

ИужькIэ «Синдика» интурист хьэщIэщым «Италиемрэ КъБР-мрэ я предприятэхэр зэрызэдэлажьэм зэрызиужьынур» конференц къыщызэрагъэпэщащ икIи абы щытепсэлъыхьащ агропромышленнэ IэнатIэм, ухуэныгъэм, туризмым зегъэужьыным пыщIа Iуэхуэхэм, апхуэдэу гидроэнергетикэмрэ коммунальнэ хозяйствэмрэ я IэнатIэхэм щызэдэлажьэнымкIэ щыIэ Iэнатлэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм топсэлъыхь

Мэкъуауэгъуэм и 26-м КъБР-м и Парламентым зи чэзу зэIущIэ щыIэхэтащ. Ар нигъэкIуэкIащ хабзэгъэув Iэнатlэм и Унафэщ1 Чеченов Ануар. ЗэIущIэм щыхэплъащ Iуэху 20-м щIигъум.

ЯПЭУ псалъэ зрата КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым** кыхихьухащ Хьэкъуэ Мурат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщым и къуэдзэу ягъэувыну КъБР-м и Iэтащхьэм къыдэригъэлъэгъуар. Депутатхэр зэрыярэзыр IэIэткIэ къагъэлъэгъуащ.

АдэкIэ депутатхэр арэзы техъуащ Бозий Владимир Лэскэн куейм и епIуанэ суд участкэм и зэзыгъэкIуэ, судыщIу. Прохладнэ куейм и суд участкэ №1-м Кривко Михаил, Май районым и суд участкэ №1-м Марков Юрий гъэувным теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэм къыхихьухьа Iуэхуми.

КъБР-м экономикэ зэрыукьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** депутатхэм яхутепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Азербайджан Республикэм и Правительствэмрэ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабэз зэдэлэжьэныгъэхэм ехьэлIауэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр къэщтэным теухуауэ» законым и проектым и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Абыи Ингуш Республикэм, Красноярск крайм, Ярославскэ областым иращIылIа зэгурыIуэныгъэр къэщтэным теухуауэ ягъэхьэзыра законопроектхэми депутатхэр арэзы техъуащ. АдэкIэ министрым кьигъэлъэгъуащ щыIэ, транспортым техуэ налогхэр зэрыубзыхупхъэм, нэгъуэщIхэми ятеухуа проектхэр.

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал уэхэкIэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ **Iэпщэ Заур** «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр хэхьыным теухуауэ» законым и проектым щытепсэлъыхьым кьыхигъэщащ республикэм и унафэщIыр щыхахкIэ, а къулыкъум увыну хуейхэм езыхэм зыкъагъэлъэгъуэжьным щыху куэд зэрителъхьэр. АрщхьэкIэ, кандидатыр политикэ партхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ кьагъэлъагъуэмэ нэхъ тэмэму кьызэрыгъэр кьыхагъэщу депутат зыбжанэ кьэнсэлъащ.

ЗэIущIэм зи гугъу щащIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми ятеухуа унафэ пыухькIа-хэр кьыщащтащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ФедерацэмкIэ Советым зэхъуэкIыныгъэ егъуэт

УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым дяпэкIэ зэрызэхагъэувну щIыкIэм хэнщIыкIыу зихьуэжыну.

Кэралым и Президент Путин Владимир ФедерацэмкIэ Советым вэсмахуэ кыщыпсалъэу жиIащ палатэ ищхьэм хэтыныхэр кьызэрыхах щIыкIэм дяпэкIэ хэнщIыкIыу зэрызихьуэжынур икIи абы теухуа законопроектыр Къэрал Думэм зэригъэхьар. «ФедерацэмкIэ Советыр демократиер нэхъ и лъабжьэу зэхэгъэувэн хуейщ, езы палатэ ищхьэр, апхуэдэу жыпIэ хъунумэ, щIыналъэхэм нэхъ епхаэу щытыпхъэщ», - кьыхигъэщащ абы.

Путиным жиIащ а Iуэхум кууэу икIи зыубгъуауэ зэрытепсэлъыхьар. Аращ унафэ зэпэщ-ча тращIыхьауи кьыщIилыпэр, ди кьэралым и политикэ хуэхэкIэм зэрызижьым кьанэ щымыIэу техуэу.

Кьэхъхьлъатэзехуэхэр кьагъуэтыжь

Карелием и Петрозаводск куейм кьыщыпIысыжьым кьыщехуэхащ СУ-27 зэрызауэ-эрызагъасэ; истребителыр.

Дунейм и щытыкIэнур кьыхутауэ кьэзыгъэзэжа кхъуэхьльатэр аэродромым кьэблэгъэжат, зэуэзэпсэу радархэм щикIуэдыкIам. Ар уэгум кьеухуэкащ.

Дзэ-Хьэуа Къарухэм я лIыкIуэм журналистхэм кьаэзырыжриIамкIэ, СУ-27-м иса кхъухьльатэзехуитIри кьелащ. Аэр кьелъэну хунэсащ икIи здэщыIэр кьрагъащIэу зыкьыпащIащ.

ЛIэщIыгъуэ етIуанэм хьыкауэ

И ныбжьыр ильэси 102-м ягу Швейцарием щыIащ дунейм и мелардырыбжэ нэхьыжь дыдэ Хофнер Уолтер.

Хьэрычэтыщ1эр мэкъуауэгъуэм и 19-м дуней ехьжащ, ауэ абы теухуа хьыбарыр щагъэлъагъ1ащ. «Форбс» журналым кьыдэригъэтмкIэ, мы гъэм и гъатхэпэм иригъэлIэу Хэфнер и мылькър доллар меларди 4,3-рэ хьурт. И ныбжьыр хэкIуэта пэтми, иужьрей махуэм щIондэ зэи блимыгъэкIыу ар и офисым кIуащ икIи Iуэхум и чэнджэщ хилъхьэу щытащ.

НэгъуэщI къэралхэм щащIа автомашинэхэр кьригъашэурэ зэрищэжым Хофнер мылькушхуэ кьыхуищIащ. Арат Швейцарием щыпсэуэхэр нэхъыбэ дыдэу зыгъэщIыр Volkswagen, Seat, Skoda, Audi лIэужьыпхуэхмкIэ. Компьютерхэм ирисондзджрынми хэхъуэ хъарзынэ кьритырт.

Хэфнер лIа и ужькIэ иджы мелардырыбжэ нэхъыжь дыдэ хъуащ американ магнат щIэрыIуэ Рокфеллер Джон и кьурылъхуэ Дэвид. Абы и ныбжьыр ильэс 96-м щIигъащ.

Жэрдэмыщ1э кьыхелъхьэ

Лъэпкъ Зэгуэгъэм я Зэгухьэныгъэмрэ (ООН) Хъэралхэм я Лигэмрэ (ЛАГ) я щIыкIуэ щхьэхуэ Анан Кофи Сирием щыщыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэныным хуэунэтIа зэрэдэмыщIэ кьыхилъхьащ.

Абы кьыдэрилъытэмкIэ, Сирием ильэсым щIигъэуэ щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэр игъэувыIэфынут Лъэпкъ зэхъуэныныгъэм и правительствэ кьызэрагъэпэщIэ, лъэныкъуэ псоми я лIыкIуэхэр абы хагъэхьэмэ. А Iуэхугъуэм щытепсэлъыхьыну загъэхьэзыр Сирием теухуауэ мэкъуауэгъуэм и 30-м Женевэ кьыщIызэIуахьыну зэпэщIэщхьэм. АрщхьэкIэ ар кьиIэхъэфынущ Асад Башар и тельхьэхэм ящыщ куэд, езыр я пашэу, правительствэщIэм хамыгъэхьэну зэрамурадым.



п **Дунай псым и махуэщ.** ООН-м и дунейпсо комиссэм и жэрдэмкIэ 2004 гъэм щыщIэдзауэ ягъэлъапIэ.

п Тунгус метеоритыр 1908 гъэм Щ1ым кьехуэхащ.

п Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театр институтым и адыгэ студиер Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и актёр хъунуэхэм 1940 гъэм кьаухащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

Республикэм пшэ щытелыну, щIыпIэ-щIыпIэхэм уэшх машI1э кьещхьну хуагъэфащ. Махуэм хуабэу ягъэпсэну 21 - 23-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыIэнущ.

ПIалIэмэр лъэхъэгъэмрэ ХЪУТАУ Исламиц.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Ди лъэпкъэгъуэр КъБР-м кьокIуэ

«Нэгъуэщ1 къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэмрэ абыхэм ящыщу зи хэкум къэIэпхъуэжахэмрэ яхуди-Iэ зэпыщIэныгъэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ 2012 - 2015 гъэхэм зэфIагъэкIыпхъэхэм я Iуэхукlэ» 2012 гъэм мэлылхьыным и 21-м КъБР-м и Правительствэм кьищта Унафэ №89-ПП-р гъэзэщIэным хиубыдэу бадзэуэгъуэм и 1-м Налшык щрагъэблэгъэнущ Тырким щыщ ди лъэпкъэгъуу 32-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр сабийхэмрэ щIалэгъуэдамрэщ.

Тырким кьыкIыну хьэщIэхэм «Кхъужьей хадэ» пансионатым тхьэмахуитIкIэ зыщагъэпсэхунущ. А зэманым абыхэм адыгэбзэмрэ ярысыбзэмрэ яджынущ, музейхэм, театрхэм кIуэнущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жыгагъуэхэм щыIэнущ.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

Шхумрэ ар зыхэлъ шхыныгъуэхэмрэ

Бадзэуэгъуэм и япэ махуитIкIэ Къэрэшей-Щэрджэсым щыщ Красный Курган къуажэм щекIуэкIынущ гъэшхэкIхэмрэ ахэр зыхэлъ шхыныгъуэхэмрэ щагъэлъэгъуэну фестиваль. Ар кьызэрагъэпэщ «Урысейм и хьэрычэтыщIэ цIыхубзхэм я ассоциацэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм, «Фопсым и кьелъапIэ» туризм комплексым, КъШР-м и Малокъэрэщей муниципальнэ районым и администрацэм.

Фестивалым щызэпеIэнущ шхуэ зэмылIуэжьыгъуэхэр гъэпцIэныкIэ, ар зыхэлъ кавказ шхыныгъуэхэр гъэхъэзырыныкIэ. Абы Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ фирмэ зэрытхэм я гъэшхэкI продукцэр щагъэлъэгъуэнущ. Апхуэдэу кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэжьынущ Къэрэшей-Щэрджэсым-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я артист цIыр-Iуэхэм.

КЪЭРЭЩIЭ Элеонорэ.

КъБКъУ-м щIэтIысхьэхэм гу зылъатапхъэ

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым «Декоративно-прикладной гъэзадж» , «Физкультурэмрэ спортымрэ», «Журналистикэ» зэрытIыныгъэхэмкIэ щIэтIысхьэхэм документхэр кьызэрыIахьынур бадзэуэгъуэм и 5-м нэсыхущ. Абыхэм зэрыщIэтIысхьэну экзаменхэр кьыIах бадзэуэгъуэм и 7 - 16-хэм кьриубыдэу.

● Хъуэхъу

Балъкъэр Юрэ ильэс 65-рэ ирокъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIу щIагъуэ нсу кьыщIэкIынкIым Балъкъэр Юрэ ямыщIэну е а артистым и Iэзагъым щыхьэт тезыгъэхъуэн спектакль гъэщIэгъуэнхэм емыпIащ.

«IУЭХУ гуэр зэфIигъэкIын щхьэкIэ, зэрыхьухьI, нэхъ мащIэу зызыгъэхьеин Iэбэкlэ дахэ иIэщ, - жиIэу щытащ Чеховым. ПсалъитI-щырэ папIэ гъэхьенкIэ ящедейкIэ дыхьэшхэнымрэ дыхьагъэмрэ, хьэп-щэн дахэмрэ хьэлыншагъэмрэ, пшынэ Iэпэм ирижэ фIэкIа умыщIэну, дигъэпагъуфу Балъкъэрыр ильэс куэд хьуауэ адыгэ сценэм итщ. Щэнхабзэм и жьантIэм дэс нэхъыжьыфIым игу щыхэщIыныр нэхъ мащIэу, щыхэхъуэныр нэхъыбэу псэну, гъашIэр адэкIи щэху Iэфl гуэрэкмкI кьыхуэупсэну дохьуэхьу.

«Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэр

● Ди куейхэм

Iэщ гъэхъуным дехьэх

Жэмтхьэлэ кьуажэм дэсхэм фейдэ хэхьапIэ нэхьыщхьэу яIэр Iэщ гъэхъуным щыгъэмрэ щ.

IЭЩЫЩХУЭ зезыхуэ фермерхэм ящыщу ехъуIлэныгъэ хъарзынэ зиIэхэм нобэ хабжэ Къэгъэзэж Тимур. Мыбы иухуащ Iэщыщхуэу 100-м щIигъу зыщIэхуэн бо. Иджыпстукlэ абы щаIыгъыр 50-м нэсыркым. Абыхэм якIэльопIь Iэщ гъэхъуным хуэIэзэ цIыхуэ З. Сыт хуэдэ лэжьыгъэми и пэщIэдзэр зэрыгугъур унафэщым кьыгуроIуэ икIи гупыж зыхуищIа Iуэхур ипэкIэ зэригъэкIуэтэжын хущIокъу.

Къэпхъэзэкым и хозяйствэм щы гектари 7 кьеГъащIыкIа. Абы кьытрах мэкъумыцIэмрэ Iусыпхъэмрэ мы зэманым ирихьэлIэу яIэ Iэщым хуэту ярокъу.

Абы кьызэрыкIыгъащIамкIэ, бжьыхьэ дызытехьэм щыщIэдзауэ Iэщ бжьыгъэм кьыхэгъэхъуэнущ. Псом хуэмыдэу жэм кьаш лъэпкъыбзэрэм трагъащIэну я мурадщ. Аэр щаIыгъыну бохэр иджырей мардэхэм тету кьызэрагъэпэщащ, зэманмэ абыхэм кьащIэхъуэну шкIащIэхэр щаIыгъыну хуабэщхэр яIэщ.

- Сыт хуэдэу ди Iуэхур зэфIэмыхьами, уи щхьэ закьуэкIэ Iэщ фермэ кьызэбгъэпэщыныр зепхьэнри икъукIэ гугъущ. Дэтхэну зы фермэри кьэралым и дэIэпыкъуэгъуэ хуэныкъуэщ, - жеIэ Къэгъэзэж Тимур.

Дауэ хьуми, япэ лъэбакъуэхэр хъарзынэу зыча хьэрычэтыщIэм кьрихьэжьа уней Iуэхур зэрефIэкIуным щэч кьытрихьэркым. Псом ящхьэращи, иджыпстукlэ зригъэпэщам дэрэжэгъуэ кьыхех икIи фIыуэ кьыгуроIуэ сыт хуэдэ зэхъуэжьныгъэхэр гъащIэм кьыщыхъуами, гъэшIэрэ гъащIэм и щIэныгъэ хущIокъу.

Къэпхъэзэкым и хозяйствэм щы гектари 7 кьеГъащIыкIа. Абы кьытрах мэкъумыцIэмрэ Iусыпхъэмрэ мы зэманым ирихьэлIэу яIэ Iэщым хуэту ярокъу.

Абы кьызэрыкIыгъащIамкIэ, бжьыхьэ дызытехьэм щыщIэдзауэ Iэщ бжьыгъэм кьыхэгъэхъуэнущ. Псом хуэмыдэу жэм кьаш лъэпкъыбзэрэм трагъащIэну я мурадщ. Аэр щаIыгъыну бохэр иджырей мардэхэм тету кьызэрагъэпэщащ, зэманмэ абыхэм кьащIэхъуэну щыгъыгъыну хуабэщхэрэ яIэщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.
Бахьсэн куей.

Спортым зрагъэубгъу

Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ егъэфIэкIуэным теухуауэ лэжьыгъэ-щхуэхэр щызэфIагъэкI Лэскэн куейм.

РАЙОН администрацэм спортым зегъэужьыныкIэ и кьудамэм и унафэщI Щхьэгъуэ Мухьэмэд кьызэрыкIагъэщкIэ, Урыху кьуажэм дащIыхь спортркомплексыр зы мазэ хуэдэкIэ и кIэм нагъэсыну. Арщыданым ильэс куэд льандэрэ кьыщыдзэтрагъэувыIауэ щыта уэхуэныгъэхэм ящыщ зыр спортымкIэ Iэнатlэм хухахьыжри, зэман кIэщым кьрибыдэу зэфIагъэхьауэ, щижьитIу хьэрэзынэу ящIахьэ икIи кьуажэ, район зэхьэзэхуэхэр щагъэкIуэкI.

Зи чэзу спорткомплексыр Анзорейм щаухуэну траухущ. Лэжьыгъэхэм мыгувэу пэрыувэнущ икIи ар бжьыкьэм ирихьэлIэу яуэлну мэгугъэ. Ухуэныгъэм ехьэлIа убзыхуныгъэхэр зэфIагъэкIащ, унэр здэщытыну щIыпIэри ягъэбелджылащ.

Лэскэн щыналъэм и хьэрычэтыщIэхэм я мылькукIэ щIыпIэ зыбжанэм щаухуэщ топ щыдзэгу губгъуэ Iэрышlэр. Аэр сэбэпышхуэ хьунущ сабийхэм я гъэмахуэ зэрыпсэхуГуэм кьриубыдэу физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ ехьэлIа программэхэр купщIафIэу гъэлэжьэныкIэ, ныбжьыщIэхэр Iуэхуншэу уэрамхэм дэмыту, гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныкIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.
Лэскэн куей.

Уи япэ лъэпэрэпам ущIэмынакIэ.

ЩIЫЩIЫЖЬ сыткIи езэгъыу, бэвагъкIи дэбгъуэн щымыIэу. Иджыпстукlэ нартыхум и щытыкIэм мэкъумэшщIэхэр арэзы тохьуэ - псыгаткIэ зызыгъэщIа льэдийкэм уардэу зыкьалэтащ. Механизаторэм аэр зэкъуачащ, я льабжьэхэри егупуу ягъэщэбащ. Дунейм и хуабагъым тещыхьауэ псыри щагъэльадэ.

«Константиновское» ООО СХП-м и механизаторэм зыхуагъэхьэщIыбжьыхьэсэ гуэдзу гектар 400-м нэсыр мы махуэхэм щыщIэдзауэ кьызэрырахьэлIэжьыным. Хозяйствэм «Лаверда» комбайнифIэхэм хуэдэу 2, хьэлъэзешэ машинэ зыбжанэ иIэщи, ахэр хэгъуэм зэрыпэрыхьэным хуэдэу кьызэрагъэпэщащ. Мэкъумэш техникэхэм кьадэкIуэу, тэрэзэ IэнатIэмрэ зы жэщ-махуэм хуэзэу тоннэ 250 - 300-м щелэжь гьавэ гъэрэчущIапIэмрэ ягъэхьэщIыр.

ЛЪОСТЭН Музэ.
Бахьсэн куей.

Спортым зрагъэубгъу

Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ егъэфIэкIуэным теухуауэ лэжьыгъэ-щхуэхэр щызэфIагъэкI Лэскэн куейм.

Бозий Владимир Натбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лэскэн районым и суд участкэ №22-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и кIуалэкIуэм гъэувыным и Iуэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям ямыкIи аткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Бозий Владимир Натбий и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лэскэн районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и кIуалэкIуэм ильэсиц пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-м
№1182-П-П

Кривко Михаил Николай и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и кIуалэкIуэм гъэувын и Iуэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям ямыкIи аткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Кривко Михаил Николай и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и кIуалэкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-м
№1183-П-П

Марков Юрий Алексей и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Майр районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и кIуалэкIуэм гъэувыным и Iуэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям ямыкIи аткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Марков Юрий Алексей и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Майр районым и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и кIуалэкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-м
№1184-П-П

Хьэкъул Мурат Хьэсэнбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и УнафэщIым и къуэдзэм и кIуалэкIуэм гъэувын и Iуэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «э» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 8-нэ статьям ямыкIи аткlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. **Хьэкъул Мурат Хьэсэнбий и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и Унафэщlым и къуэдзэм и кIуалэкIуэм гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-м
№1181-П-П

● КъБР-м и Парламентым

Зэхъуэкlыныгъэхэм я псэукlэр дефlэкlуэну щогугъ

КъБР-м и Парламентым мэкъуаугъуэм и 20-м щыкIуагъэ зэседэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2012 - 2015 гъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэр» (зыгъэпсэхуIэхэр зэрыгъэгъуэгурыкIуэм нэхъ тегъэпщIауэ) Законыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и туризм-курортыгъэ комплексым 2012 - 2015 гъэхэм зегъэужьын» программэ щхьэхуэр гъэзэщIа зэрыхъу щыкIуагъэр.

ЗЭХУЭСЫР къыщыдэIуэхым, Парламентым и Унафэщl **Чечонов Ануар** ди щIыналъэм и экономикэм и дежкIэ зыгъэпсэхупIэ, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ щIыналъэм зыужьыным мы лъхьэнэщхуэ зэриIэм и гугъу ищIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгъэпсэхупIэу мы зэманым 200-м нэблагъэ итщ. Абыхэм зэфIу щыхуэ мин 15-м нэс ирагъэблагъэрэфынущ. 2011 гъэм кIрыубыдэу ди республикэм зэушинагъэр щыхэтрагъэжьэк и лагерхэм, санаторхэм, турбазэхэм сабий мин 30 щыIащ. Абыхэм ящыщу щыхуэ мини 6-р ихъагъэущI щIыналъэхэм ськиКIащ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэ **Тымыжь Хьэсэн** и псалъэм къыхихигъэщащ Бахъсэны-псыр кIыхьыщыщIидзэ Iуащхьэмахуэ лъапэ и Iэшэгъащхьэ Чегет, Азау, Чипер-Азау, Дзэлыкъуэ куейм щы- Iэ Балъкъ къыхэтъдзэж «Джылы-Су» псы хущхъуэхэм я Iэгъуэблагъэхэр зыхуей зэрыхъугъэхэр. «Джылы-Су» гугъэу хъуэм, зы илъэсым кIрыубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ и ищхьэрэ гъэнэкIуэу къудейм цIыху минни 10-м нэс зыщагъэпсэхуфынущ. ИтIанэ абыхэм кIахэдгъэхъуэнущ Шэрэдж, Шэджэм куейхэм щIыIэнухэр. ХьэщIэщхэмрэ пансионатхэмрэ зэрыщыгъпхъэм и мардэм зэрыетхуэр ди республикэм къыщащIыгъэ. Абы кIыхьнэмыщIауэ, ди щIыналъэм и зыгъэпсэхупIэхэр дунейм псом къыщегъэщIыхьным худогъэлажьэ телевидениэр, газетхэмрэ журналхэмрэ, иджырей къыбарегъащIэ Iэмалу щыIэ псорн», - жиIащ абы.

ЗыгъэпсэхупIэхэмрэ турызмымрэ зегъэужьыныкIэ департаментым и тхьэмадэ **Тымыжь Хьусен** 2011 гъэм кIрыубыдэу программэхэр гъэзэщIынымкIэ зэуэнтIаугъэ ди республикэм щызэфIагъэкIам и гугъу щищым жиIащ Кисловодск (Нартсанэ) кьалэ щегъэжьауэ «Джылы-Су» псы хущхъуэхэм хуэзышIэ гъэгур зэращIыр. Ар зэрызэфIэкIыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым турист-рекреацэ комплексыщIэ кьалэщыныгъэ нущ. Гъэгур и къудамэщIэхэм ящыщ зым Балъкъ псыхьэмрэ Бахьсэн ауэрэ зэпещIа. Абы и фIыгъэкIэ куэдкIэ нэхъ псынщIэу Бахьсэн псыхъуащхьэхэм кIыщыхутэнущ Нартсанэ къикIыжыгъэнсэхуакIуэхэр.

- Iуащхьэмахуэ бгым, - кIыпищащ и псалъэм Тымыжьщ, - узэрыкIэрыхьэ кIапсэ гъуэгуэу Азау хуей - Зыпплъыхьыпlэжь («Старый кругозор»), «Зыпплъыхьыпlэжь» - «Мир» кIудамитIыр «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэм ипIэ къткIэ щIэрыщIэу кIыхьэрагъэпэщыжащ. «Мир» къуэдзэ Iэмпрэ Гарабаши лъагапIэмрэ зэпызыщIэ ещанэ кIапсэ гъэзэгурэ ящыщ. КъыщыхьэщыщIауэ, щIыхуэм зыщагъэпсэху бгыпъэ щыпIэкъэ, щIэрыгуфIыгъэуцIащ, уэсучхуэцIэм, мывэ кIыхьуэхэм, зэрыгурыIуэгъэуцIащ, уэсучхуэцIэм, ныкъ щIыхуэ лъэжьыпъэхэр Iуащхьэмахуэ кIэрэ и Азау хуейм щегъэжьауэ Терскол кьуажэ щIыкIуэм нэс щрагъэкIуэжьи щIадзащ.

«Iуащхьэмахуэ лъапэ», «Джылы-Су» зыгъэпсэхуэгъэм зегъэужьыным федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелард 70-р мелуан 591,1-рэ, республикэм еиуэ зы мелардрэ мелуан 209,5-рэ, абыхэм щымыщу сом меларди 5-рэ мелуан 772,9-рэ халъхьэнущ. Мазих кIуам кIрыубыдэу меларди 2-рэ мелуан 761-рэщ кьагъэсэбэпар. Мыбдежьмк IыкъуэгъэщIапхъэщ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и турист кластерым хьыхьэ щIыналъэхэм ямытъэпхъэуэ мытыкуэр (щIы Iыхьэхэри хэту) Урысей Федерацэм Экономикэ хъыбарыгъэщIапIэкIэ и министерствэм щратын хуей Iыгъэр зэрагъгъуэм Iуэхур зэрилъхьэр», - жиIащ кьэпхъэм.

Iуащхьэмахуэ куейм и администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Джаппуев Руслан** жиIам тепщIыхьмэ, щIыхуэ лъэпхъэм я хабзэмрэ я псэукIэмрэ кьэзыгГъэпсыгъэу фильм кIэщIэхэр, рекламэхэр, нэгъуэщIхэри дэр-дэру дгъэхьэзырыжмэ! ДиIэкъэ дэ хабзэ дахэ, щхьыныгъэ гурыхьхэр, щIыуэпс хъугъэ-фIыгъэхэр, тхыдэмрэ Iуэрыуатэмрэ кьыхэна лIыхьужьхэр?!

Зэ1ущIэр щызэхуищIыжьым, КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Чеченов Ануар жиIащ:

- Зыгъэпсэхупlэхэм зэрызэужьым ди республикэм фIыгъуэ куэд къыхуэдгъэIуэнущ. Псалъэм папщIэ, гъэзэщIэхэр зэрауэуэр, кьаблагъэм, узынщагъэм щыкIэльапIэ Iуэхущапlэщ1эхэр кьызэрыгъэхэр, нэгъуэщIхэри ди щIыналъэм и экономикэр зыгъэкIуатэщ.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжьым, КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Чеченов Ануар жиIащ:

- Зыгъэпсэхупlэхэм зэрызэужьым ди республикэм фIыгъуэ куэд къыхуэдгъэIуэнущ. Псалъэм папщIэ, гъэзэщIэхэр, рекламэхэр, нэгъуэщIхэри дэр-дэру дгъэхьэзырыжмэ! ДиIэкъэ дэ хабзэ дахэ, щхьыныгъэ гурыхьхэр, щIыуэпс хъугъэ-фIыгъэхэр, тхыдэмрэ Iуэрыуатэмрэ кьыхэна лIыхьужьхэр?!

Зэ1ущ